



Sondaj Elèv Ladrès pou Lavi ak Byennèt (LSW) Fòm Notifye Chwa Ou

Life Skills and Wellness (LSW) – Ladrès pou Lavi ak Byennèt (LSW) pèmèt elèv yo kwè nan tèt yo, sipòte sante mantal ak emosyonèl; kifè, elèv yo ka simonte difikilte epi epanwi yo pandan yap prepare yo antre nan mond travay 21inyèm syèk. Nan kad Plan Amelyorasyon Lekòl/School Improvement Plan (SIP), Distri a, inisyativ LSW fè pwomosyon sèvis sipò santrè-sou-tout-timoun-lan, ede elèv-yo reyisi nan etid-yo pandan yap devlope ladrès ak abilitè nesesè pou akonpli tach yo nan mond travay epitou devlope rezilyans. Pou gide enstriksyon efikas LSW, Distri a va fè yon sondaj kout ann Otòn ak Prentan. Se sèl pèsònèl otorize BCPS ki va gen aksè epi itilize done kolekte pou dirije aktivite eskolè ak founi sèvis pèsònalize LSW pou tout elèv yo. Presizeman, kalite done fòmativ kolekte va foki sou konsyans tèt ou, jere tèt ou, abilitè nan relasyon, priz desizyon ak rezilyans.

Pou aprann piplis sou LSW Student Survey (Sondaj Elèv) pou elèv k'ap fè klas 4-12, vizite sitweb [LSW District website](#) oswa fè yon randevou ak Lyezon LSW (LSW Liaison) lekòl pitit ou. Kouman pou entegre LSW lakay ou, resous ak estrateji adisyonèl disponib sou paj sitweb [LSW Families and Students Resources](#).

SÈL PARAN/GADYEN DWE KONPLETE FÒM SA

Yap enskri pitit ou otomatikman pou li reponn kesyon sondaj LSW ann Otòn ak Prentan. **Ou bezwen konplete fòm sa si ou vle pitit ou pa patisipe nan sondaj LSW. Si ou pa vle pitit ou patisipe, tanpri tcheke kazyè a, konplete enfòmasyon anba a, siyen fòm la, epi retounen fòm la nan lekòl pitit ou nan 10 jou apre premye jou anwolman nan lekòl la.** Si ou pa retounen fòm sa, savledi ou ban-nou pèmasyon kite pitit ou patisipe nan sondaj LSW (LSW Surveys).

☐ Mwen PA vle pitit mwen patisipe nan sondaj elèv pou LSW ann Otòn ak Prentan.

Non Elèv la: _____

Dat Nesans: _____ Klas (Grade): _____ # Elèv: _____

Non Lekòl: _____

Non Paran/Gadyen: _____

Siyati Paran/Gadyen: _____ Dat: _____